# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫНДА ДРАМАТУРГИЯНЫҢ ПАЙДА БОЛЫЎ ЭЛЕМЕНТЛЕРИ

**Атаниязова Гулшад Сейтниязовна**
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педогогикалық институтынын еркин излениўшиси*

***Аннотация***: *Қарақалпақ фолклорында драматургияның пайда болыў элементлери ҳәм раўажланыў басқышларын илимий-теориялық әмелий жақтан сыпатлап берилген.*

***Гилт сөзлер:*** *Фольклор, драматургия, салт-дәстүр, театр, элемент, қосық, дәстан, бақсы-жыраў.*

Театрдың қарақалпақларда пайда болыўы XX әсирдиң басына туўра келеди. Оннан алдын тек ғана дәстанларда, қыссаханлардың ҳәм бақсы-жыраўлардың атқарыўшылық шеберликлеринде соның менен бирге қарақалпақ балалар фольклорының ойын-заўық қосықларында драманың базы-бир элементлерин көриўге болады.

Мысалы: «Ҳәўжар», «Көримлик», «Бет ашар», «Қыз сыңсыў», «Жоқлаў» ҳ.т.б. «Қыз айттырыў», «Қыз узатыў», «Келин түсириў», дәстүрлери айрықша болған. Қыз узатыларда «Қыз сыңсыў» қосықларын айтқан, буған қыз жеңгеси ҳәм басқа қызларда қосылып айтқан. Соннан соң жигит тәрепинен келген жигит ағасы «ҳәўжар» айта баслаған ҳәм оған жигитлер қосылып, хор айтқан. Қосықлардың текстлери импровизация характеринде болып айтылған.

Мысалы:

Өз әкеңниң есиги жупар есик, ҳәўжар,
Кирсең-шықсаң шашыңды сыйпар есик, ҳәўжар
Қайын атаңның есиги шеңгел есик, ҳәўжар

Сөйтип келин әкелген жерде «Көримлик» айтылады.

Бунда драмалық элементлер атқарыўшы ҳәм тойға жыйналған халайықтың ис-ҳәрекетлериниң сәўлелениўи арқалы көзге түседи.

«Бет ашар»

Үй артынан мал келсе,
Бақанлама келиншек,
Бақаныңды сындырып,
Қақаңлама келиншек.

Гөне етигиң гүрпилдеп,
Көтере баспа келиншек.
Саўыры етигиң сылпылдап,
Сынап баспа келиншек.

Ҳайўанаттың белгиси,
Тана болар келиншек,
Шымылдығың жел жаққа,
Пана болар келиншек.

Сениң балаң балларға
Аға болар келиншек.
Ҳайўанаттың белгиси,
Кийик болар келиншек,
Жаман адам көзиңе,
Күйик болар келиншек.

Бул қосықта монолог формасында бир атқарыўшының халайыққа қарап айтып турған сөзи, яғный драманың элементлерин көриўге болады.

Анаў турған атаңыз,
Узын бойлы жотаңыз,
Көкке бир жетер төбеси,
Атаңызға бир сәлем.

Анаў турған енеңиз,
Қара жерде кемеңиз,
Қатты қайырым сөз айтса,
«Сеники жөнсиз» -демеңиз,
Енеңизге бир сәлем.

Арбадан түскен солақтай,
Өз үйине қонақтай,
Маўбасбай деген қәйниңиз,
Оғанда бериң бир сәлем. (күлки)

Өзи сары, көзи көк,
Былшылдаған сөзи көп,
Марат деген қайнағаң,
Оғанда бериң бир сәлем. (күлки)

Өз алдына бир аўыл,
Қатынына қараўыл,

Шадыбай деген қурдасың,
Оғанда бериң бир сәлем. (күлки)

Мине «бет ашар» жүдә көтериңки рухта, күлки менен өтеди. Улыўма бул бет ашарда драмалық элементлер көзге тасланады.

Балалардың ойынында театр элементлери жүдә жақсы дәстүрге айланған. Балалар ойынын 4 топарға бөлсе болады.

1. Биринши топарға: «Тебиспек», «Илметақыя», «Ат ойын», «Бәйги», «Ылақ ойын», «Топ», «Тикпе таяқ», «Аңғалақ», «Суўқалақ», «Суўсерписпек», «Жүзиспек», «Сүңгиспек», «Жарыспақ» ҳ.т.б.
2. Екинши топарға: «Қуўыршақ соғыў», «Қаўын-қаўын», «Үй-үй»ҳ.т.б.
3. Үшинши топарға: «Маңлай шертпек», «Табыспақ», «Жаңылтпаш», «Түлкишек», «Қамыспа-қыйма», «Соқыр теке», «Айналма дүрре», «Жумбақ», «Әўелемен-дүўелемен» ҳ.т.б.
4. Төртинши топарға: «Ҳәкке қайда», «Айқулаш», «Қуда-кудағай» ҳ.т.б.

Усы ойынлардың бәринде ақыл-нәсиятлар көп болады.

Қарақалпақ халқы фольклорға бай, бурын 20 томлық шыққан болса, ҳәзир *100* томлық фольклор шықты. Мысалы: 1-томында «Алпамыс» дәстанының 8 варианты бар. Дәстанларды бақсы-жыраўлар айтып келген. Олар Жийен жыраў Тағай улы, Нурабылла жыраў Қаражан улы, Ерполат жыраў Рамберген улы, Әбдир жыраў (Қалбала), Ақымбет бақсы Нарымбет улы, Муса-бақсы Турым улы, Байнияз бақсы, Арзы бақсы, Тилеўмурат бақсы Атамурат улы, Ешжан бақсы Қосполат улы, Генжебай бақсы Тилеўмурат улы ҳ.т.б.

Мине, усы бақсы жыраўлардың атларын елеге шекем халқымыз яд етип айтып келмекте. Себеби, олар өзлериниң жақсы жағымлы даўысы менен, атқарыў шеберлиги менен халықты қайыл қалдырып, халықтың жүрегинде қалған. Олар айтып келген дәстанлардан: «Ғәрип ашық», «Боз уғлан», «Қурман дәли», «Ашық Хамра», «Алпамыс», «Қоблан», «Шәрияр», «Ер шора», «Мәспатша», «Ер Зийўар», «Қырық қыз» мине усы дәстанлар неше әсирлерден халқымыздың аўзында сақланып келген. Той мерекелерде дәслеп қосықлар айтқан, соң халықтың дәстанға «өт» деген тилеклери менен, бир дәстанды баслап, таң атқанша айтып ақырына жеткен. Халық дәстанды дыққат пенен гә жылап, гә күлип рәҳәтленип тыңлаған. Усыларды бир акттёр театры (театр одного актёра) деўге болады. Жуўмақластырып айтқанда, Қарақалпақ фольклорының лирикалық ҳәм эпикалық жанрларында драманың пайда болыў

элементлериниң базы бир мотивинде, сюжетинде, образларында ушыратыўға болады.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. К. Мақсетов Қарақалпақ халқының көркем-аўыз еки дөретпелери Нөкис-Билим 1996- ж
2. Н.Аңсатбаев TEATR HÁM AKTYOR TOSHKENT-2020 «NOVROZ» NASHRIYOTI